

CHIBVUMIRANO CHEILO PAKUUNZA KUDYIDZANA KWAVANHU PASI ROSE ZVINE RUENZANO MUKUGARISANA

chakatambirwa nemusangano unoona nezvevashandi nevashandirwi pasi rese, pamusangano waro wechimakumi mapfumwamwe nenomwe (97), kuGeneva, musi wa10 Chikumi 2008

ISBN 978-92-2-121617-9

Rakatsikiswa Kokutanga muna2008

Rakadhindwa kuSwitzerland

SRO

NHANGANYAYA

Nhengo dzese dzesangano rinoona nezvevashandi vepasi rose re*International Labour Organisation* (ILO) rakatambira chibvumirano chekuunza kudyidzana kwavanhu pasi rose zvine ruenzaniso mukugarisana kwavo che*Declaration on Social Justice for a Fair Globalization* musu wa10 Chikumi 2008. Ichi chinyorwa ndechechitatu chezvino fanira kutevedzwa chakatambirwa nemusangano weILO kubva pakaitwa bumbiro remitemo yaro muna1919. Izvi zvine hwaro hwazvo pachibvumirano chakaitwa kuPhiladelphia mugore ra1944 pamwechete nechibvumirano chezvakanakosha nekodzero pabasa chemugore ra1998. Chibvumirano cha2008 chinotaridza basa nemaonere eILO iyezvino panyaya yekudyidzana mupasi rose.

Chibvumirano chakanakosha ichi icherechedzo yakasimba yezvinokosheswa neILO. Chibvumirano ichi chakanakosha muhurukuro dzakatanga kuburikidza nechinyorwa cheripoti yeKomisheni inoona nezveupenyu hwavanhu pasi rose re*World Commission on the Social Dimension on Globalization*. Kuburikidza nokutambira chinyorwa ichi, vamiririri vehurumende, vashandirwi nemasangano anomiririra vashandi kubva kunyika zana nemakumi masere nembiri (182) dzinova nhengo dzeILO vakataridza kukosha kwebasa guru remubatanidzwa wemasangano matatu aya pakubatsira kuunza kufambira mberi kwebasa uye kugarisana zvine ruenzano kevanhu takanangana nenyaya yekudyidzana mupasi rose. Vari pamwechete, vakazvipira kuwedzera simba reILO pakukurudzira zvinangwa izvi, kuburikidza nechirongwa chayo chebasa rakatsiga. Chibvumirano ichi chinodzika midzi yepfungwa yebasa rakatsiga iyo yakaparurwa neILO kubvira mugore ra1999. Izvi zvakaitea kuti pfungwa iyi ive pamwongo wezvino fanira kutevedzwa nesangano iri mukuedza kuzadzika madonzvo aro zviri pamutemo.

Chibvumirano ichi chinouya panguva yakakosha munyaya dzezvematongerwe enyika, chichitaridza pfungwa imwe chete yokuda kupinza mararamiro evanhu munyaya dzezvekudyidzana pasi rose zvine ruenzano kumunhu wese. Chibvumirano ichi chinanganisira nyaya dzokukurudzira kudyidzana kune ruenzano kune hwaro pabasa rakatsiga. Chinokurudzira zvakanakosha kushandiswa kwenzira dzakakodzera pakuchimbida kufambira mberi kwebasa rokuparura chinangwa chebasa rakatsiga pachidanho chenyika. Chinoratidzazve budiriro nokujekesa kukosha kwemushando unoramba uchibatsira pakuunza mabasa uye mikana yokuwana mari kumunhu wese.

Chinangwa cheILO chakanakosha rutsigiro rukuru pasi rose kubvira pazvidanho zvezvematongerwe enyika epamusoro, pazvidanho zvezvematunhu uye pasi rose, izvo zvakanakosha zvaita kuti pazove nemusangano wepasi rose wemubatanidzwa wenyika mugore ra2005 (*United Nations World Summit*). Pamusangano uyu vatungamiriri vehurumende vakati: “*Tinotsigira kudyidzana kusina hudzvanyiriri uye tinozvipira kuzadzisa zvinangwa zvokuba nemabasa akawanda ane pundutso uye basa rakatsiga kumunhu wese, kusanganisira vanhukadzi nevehidiki, kuti zvive zvinangwa zvedu zviku mumafambisire atinoita basa tiri munyika dzedu uyezve kana tasanganana nedzimwe nyika zvakanakosha nezvira dzatichatora munyika medu kuunza budiriro*”. Chirevo ichi chinobva zvakanakosha pamhiko yemasangano wepasi rose unoona nezvebudiriro mumagariro avanhu wakaitwa mugore ra1995 we*World Summit for Social Development*.

Chibvumirano ichi chinotaridza kugashirwa pasi rose kwechinangwa chebasa rakatsiga: nhengo dzese dzemusangano dzinofanira kutevedza gwara rinoenderana nezvinangwa zvinoti----- *kuva namabasa, kuchengetedzeka mumagariro, nhaurirano, uye kodzero pabasa.* Panguva imwe chete, Chibvumirano ichi chinokurudzira nzira yakazara inobatanidza zvese ichtenda kuti zvinangwa izvi “hazvipatsanuriki, zvinodyidzana uye zvinotsigirana,” kuchionekwa kuti nzira dzakatarwa kuti ndidzo chaidzo dzinofanirwa kutevedzwa mumabasa dzatevedzwa.

Chibvumirano ichi chinokumbira ILO kuti ibatsire nhengo dzayo pakuedza kwadzo kuparura zvirongwa zvayo, zvichionekwa nezvinodiwa nenyika yacho uye nemamiriro ezvinhu munyika macho. Zvakadaro, inopa chitsveru kumusangano wevashandi vepasi rose, bazi rinotungamirira, uye Hofisi yevashandi vepasi rose, zvichitaridza kuti “Sangano rinofanira kuongorora nokugadzirisa mafambisire arinoita basa kubatsiridza hutungamiriri nekudzidzisa vanhu basa kuitira kushandisa zvakakwana uye zvakakodzera vashandi nemari uye kushandisa mukana waro wokushanda vari vatatu namamwe masangano nezvinotarirwa negwara rayo”. Nokudaro, Sangano iri neNhengo dzaro zvinofanira kushandisa nzira dzose dzakafanira dzinowanikwa munyika madzo nepasi rose kukurudzira zvinangwa zveChibvumirano uye kumisa mhiko idzi nenzira dzinotarirwa uye nenguva yakafanira.

Chibvumirano ichi chinopa vatungamiriri nevanoumba mazano nokusarudza zvokuita nzira yakanaka inobatana nevanhu uye nenzira dzinoshanda dzokugadzirisa zvinhu kumusha, ichipazve mukana wakafanana kuhutungamiriri pachidanho chepasi rose. Chinotsigira kuwirirana kwemitemo yakasiyana munyaya dzebasa rebudiriro rinoenderera mberi zviri mumagwara enyika, pakati pemasangano epasi rose uye pakuita mushandirapamwe munyaya dzebudiriro, zvichiunza zvinangwa zveumagariro, zvehupfumi nezvakatikomberedza. Zvakadaro, chinojekesa kuti masangano ematunhu neepasi rose ane basa munzvimbo dzinodyidzana, anokwanisa kubatsira pabasa rokuparura nzira inosanganisira zvakasiyana uye kuvakoka kuti vapinde muchirongwa chokukurudzira basa rakatsiga. Chibvumirano chinotaura icho kuti sezvo nzira dzinotevedzwa pakutenga nokutengeserana negwara rinotorwa munyaya dzezvemari zvese zvine chekuita nemabasa, ibasa reILO kuongorora nokupima zvese zvinobuda mukushanda kuitira kukwanisa kuzadzikisa chinangwa chokuisa nyaya dzokushanda nokushandirwa pamwongo mumagwara enyaya dzezvehupfumi. Chibvumirano chinokurudzira zvakare kuvaka kudyidzana nemapato akazvimirira ega nemamwe ane chekuita munyaya dzezvehupfumi, akaita semakambani makuru ari munyika dzakasiyana-siyana nemibatanidzwa wemasangano anomiririra vashandi pachidanho chechikamu chepasi rose kuitira kusimbaradza budiriro yemabasa nezvirongwa zveILO zviri kuitwa.

Chibvumirano chekuunza kudyidzana kwevanhu pasi rose zvine ruenzano chinoratidza chivimbo chitsva musangano reILO. Chakavakwa pahwaro hwegwara riri mubumbiro remitemo reILO uye chinosisimbisa nhengo kusangana nezvigozhero zve21st Century. Chinoratidza kuti ILO inovimba nemaonero nebasa rayo, zvakare yakazvipira zvazazara kutanga mabasa ayinofanira kuita iyezvino. Chibvumirano ichi chinouya panguva iyo kune kusajeka munyaya dzokushanda, munguva ine zvakare kukanganiswa kwekodzera

dzavashandi, vanhu vava nekutyira kwakanyanya nzira dziri kushandiswa munyaya yokudyidzana kwepasi rose uye kwava namaonero okuti zvakakodzera kuti masangano epasi rose ashande pamwechete munyaya idzi. Pamusoro pezvese, chibvumirano chinosisimbaradza mukana mukuru kupinda mamwe masangano une ILO uyo wakasimba nokuda kokubatsirana kwainoita namapazi matatu uye nekubatsirwa zvakare nehurumende yacho iyo yagara mubasa iri uye nokuva namasangano avashandi navashandirwi ane hunyanzvi mukugadzirisa nyaya dzezvehupfumi nemagariro dzinobata hupenyu hwevanhu. Chibvumirano ichi chinoyeuchidza zvakare simba rinoenderera mberi renzira dzemashandiro ayo anokurudzira nhaurirano pabasa, sehwaro hwokuumba kunzwisana, unova mucherechedzo wechivimbo munyika yava kunetsa kutaurirana.

Chibvumirano chekuunza kudyidzana kwevanhu pasi rose zvine ruenzano imutsiridzo yakakosha yemusangano kupinda dzese, kubvira pachibvumirano chekuPhiladelphia. Chinotipa mukana mukuru une mukurumbira uye basa rekusimbaradza zvinokwaniswa kuitwa neILO. Pamwechete navose vanotenderana nezvishuviro zveChibvumirano, tinokwanisa kuona kuti nzira dzokusanganisa magwara enyika imwe neimwe nenyika dzepasi rose dzatsvaka izvo zvinounza kudyidzana kwepasi rose kune ruenzano uye anopa mukana kubasa rakatsiga kuvarume nevakadzi kwese kwese. Tinokwanisa kubatana kuitira kuti izvi zvibudirire tofamba takananga gwara rekuremekedza hunhu nebudiriro yepasi rose, kuzadzisa zvido nezvishuviro zvevanhu, mhuri nenharaunda dzepasi rose.

Juan Somavia

Mukuru-Mukuru

**CHIBVUMIRANO CHEILO PAKUUNZA KUDYIDZANA
KWAVANHU PASI ROSE ZVINE
RUENZANO MUKUGARISANA.**

Musangano wemakumi mapfumbamwe nemomwe (97) wevashandi vepasi rose wakaitirwa kuGeneva,

Tichitarisa mamiriro ezvinhu takanangana nenyaya dzezvekudyidzana kwepasi rose, kwakazara nokupararira kwezvinhu zvitsva zvemichina, kupararira kwepfungwa dzakasiyana, kuchinjana kwezvinhu nemabasa, kuwanda kwemari, kuita mabhizimusi anowanikwa pasi rose uye mafambisirwe emabhizimusi nekutaurirana uyezve kufambafamba kwevanhu kunyanyanyanya varume nevakadzi vanoshanda, tinoona kwava kushandura pasi romushando nenzira dzakawanda dzine hudzamu:

- nerumwe rutivi, nyaya dzomushandirapamwe munyaya dzezvehupfumi dzakaita kuti nyika dzakawanda dzibatsirike pabudiriro munyaya dzezvehupfumi nekuunza mabasa, kupinza varombo vazhinji vekumaruwa muhupfumi hwamazuvano huri mumaguta, kusimudzira zvinangwa zvavo munyaya dzezvebudiriro, uye kusimbaradza unyanzvi pakugadzira zvinhu zvitsva zvakasiyana-siyana, uye kupararira kwepfungwa itsva;
- nekune rumwe rutivi, kubatanidzwa kwehupfumi pasi rose kwakaita kuti nyika zhinji nemamwe mapazi zvive nematambudziko panyaya dzemari inowanikwa zvisina kuenzana, kuramba dzine varombo nevanhu vasina basa vakawanda, kusadziviririka kwehupfumi kunjodzi dzinokanganisa, kuwanda kwemabasa asina kudzivirirwa uye mabasa ezvehupfumi asiri pamutemo, izvo zvinokanganisa hukama hwemumabasa uye dziviriro yazvinogona kupa;

Kuona kuti iye zvino kubudirira mukuva nezvinobuda zvakavandudzwa uye zvakaenzana kumunhu wese zvanyanya kukodzera kupfurikidza mumamiriro akadai nechinangwa chokuzadzikisa shuviro yepasi rose yokuva neruenzano mumagariro, kusvika pakuva namabasa kumunhu wese, kuona kuti matunhu asina kudzivirirwa aramba achifambira mberi munyaya dzhupfumi hwepasi rose, zvaenderera mberi uye zvabudirira kuunza kunzwanana muvanhu nokupedza hurombo nohudzvaniriri.

Kugutsikana kuti ILO ine basa rakakura kupinda mamwe ese pakubatsira kukurudzira uye kubudirira kuva neruenzano mumagariro, munharaunda inongogara ichishanduka-shanduka:

- tichishandisa zvisungo zvebasa zviri mubumbiro remitemo reILO, kusanganisira chibvumirano chekuPhiladelphia cha1944 icho chinoramba chakangokosha nazvino mu21st Century uye chinofanira kupa nzira kugwara renhengo dzayo uye chinosanganisira zvinotevera mukati mezvimwe zvinangwa, zvinofanirwa kutevedzwa nebasa raro:
 - zvinosimbaradza kuti simba hachisi chinhu chinotengeswa uye kuti hurombo chero huri kupi zvako hunokanganisa budiriro kwese kwese;
 - kuziva kuti ILO ine basa guru chose kunyika dzepasi rose rokusimudzira zvirongwa zvinozadzisa zvinangwa zvekuva pabasa rakatsiga uye kusimudzira mararamiro evanhu, kuona kuti vanhu vatambira mari yakakodzera kuti munhu ararama hupenyu

huri nani uye kuwedzera nzira dzokuchengetedzwa mumagariro nokupa mari yakafanira kune avo vanoda rubatsiro, pamwechete nezvinangwa zvose zvakatarwa muchibvumirano chekuPhiladelphia.

- Kupa ILO basa rokucherechedza mitemo yepasi rose munyaya dzezvehupfumi nemari takatarisa chinangwa chikuru cheruenzaniso mumagariro; uye
 - kushandisa nokuenderera mberi mukusimbaradza chibvumirano cheILO chezvakanakosha zvinofanira kutevedzwa nekodzero pabasa, uyezve nechisungo chinotevera ichi cha1998 apo nhengo dzakaona, mukuburitswa kwebasa rinofanirwa kuitwa nesangano, kukosha kwekodzero huru dzinoti: kusununguka kusangana nechero munhu, nekukoshesa kodzero yekutaurira makawanda kuti muwane zviru nani, kupedza ndudzi dzose dzemabasa okumanikidzwa, kubudirira kupedza kushandiswa kwevana mumabasa, uye kupedza rusarura takanangana nenyaya dzamabasa nezvinzvimbo pabasa;

Tichikurudzirwa nokucherechedzwa kuri kuitwa chironzwa chebasa rakatsiga nepasi rose senzira yakafanira yokugadzirisa zvigozhero zvinosanganikwa nazvo munyaya dzokudyidzana kwepasi rose, takanangana ne:

- zvakanakosha mumusangano wepasi rose waitarisa budiriro mumagariro wakaitirwa kuCopenhagen mugore ra1995;
- rutsigiro rukuru rwechironzwa chebasa rakatsiga chakanakosha neILO, runoramba ruchitaridzwa pazvidanho zvevatunhu nepasi rose; uye
- kutsigirwa nevashandirwi vanyika nehurumende pamusangano wepasi rose wemubatanidzwa wenyika wegore ra2005 uyo waitarisa nyaya dzokudyidzana kune ruenzano uye zvinangwa zvokuba namabasa ane pundutso akatsiga kumunhu wese, sechinangwa chikuru pamagwara emunyika dzavo nepasi rose;

Tichigutsikana kuti munyika ine kubatsirana kuri kuramba kuchikura uye kuoma nokupararira pasi rese kwenyaya dzokugadzira:

- kukosheswa kwerusununguko, kuremekedza vanhu, kuenzana mumagariro, kudzivirirwa nokusava norusarura, uye kushanda nenguva zvakanakosha mubudiriro inoenderera mberi munyaya dzezvehupfumi nemagariro;
- nhaurirano nokushanda pamwechete pakati pehurumende nemasangano anomiririra vashandi nevashandirwi ari munyika kana kunze kwenyika iye zvino akosha pakugadzirisa zvinhu uye kuunza kuwirirana nekuchengetedza mutemo kuburikidza nedzimwe nzira, dzinotarisirwa kuti dziitwe nepasi rose munyaya dzemabasa;
- kukosha kwehukama huripo pakati pavashandi navashandirwi kunofanira kucherechedzwa senzira yokupa dziviriro iri pamutemo kuvashandi;
- basa rine pundutso, rinounza mari uye rinoramba richienderera mberi richibudirira, pamwe chete nehupfumi hwakasimba hwenharaunda, nebazi rinoona nenyaya dzevanhu rinonyatsoshanda zvakanaka, zvese izvi zvakanakosha kukosha mukugadzira hupfumi hunobudirira huchibatsira uye nekuunza mikana yamabasa; uye

- chisungo chakaitwa namasangano matatu mugore ra1977 pamusangano waiva pamusoro penyaya dzemakambani anowanikwa munyika zhinji zvakare waitarisawo gwara rezvemagariro, semavandudzirwe akaitwa, icho chinotarisa basa riri kuramba richikura remapoka aya mukuzadzisa zvinangwa zvesangano, zvine kumwe kukosha kukuru; uye

Kucherechedza kuti matambudziko atinawo anoda kuti sangano riwedzere simba raro uye kukurudzira kushandisa zvese zvarinano zvinokwanisa kubatsira kusimudzira zvinangwa zvebumbiro remutemo waro, uye kuti, kuita kuti mabasa aya abudirire uye kusimbaradza kukwanisa kweILO kubatsira Nhengo dzayo dziri kuedza kuzadzisa zvinangwa zveILO takanangana nenyaya yekudyidzana kwepasi rose, Sangano rinofanira:

- kuona kuti pane kuwirirana nokushanda pamwechete munzira dzarinotora kususukidza kuumba kwaro kwegwara rinobatanidza pasi rose, zviri mugwara rechinangwa chebasa rakatsiga nezvinangwa zvina zveILO zvakarongwa, zvichiunza kubata pakati pazvo;
- kugadzirisa mafambisire avanoita basa uye hutungamiriri huripo kuitira kukurudzira kugona kuita zvinotarisirwa nenguva inofanira, panguva imwe chete vachiremekedza zvakazara gwara ragara riripo nokutevedza mafambisire arinoita basa;
- kubatsira matunhu kuzadzikisa zvisuviro zvawo senyika zvichienderana nehurukuro dzakaitwa nemapato matatu, kuburikidza nokupa ruzivo rwapamusoro, kupanga mazano uye kuita zvirongwa zvinobatsira kuti vazadzikise zvisuvo zvavo zvichienderana negwara nezvinangwa zviri mubumbiro remitemo reILO; uye
- kusimudzira gwara remucherechedzo weILO sehwaro hwemabasa eILO nokuwedzera kukosha kwayo munyaya dzemabasa, uye kuona kuti basa rokutevedza zvakatarwa raitwa, senzira yakakosha yokubudirira mukuzadzikisa zvinangwa zviri mubumbiro remutemo resangano;

Nokudaro, tinogamuchira zuva ranhasi uno musi wa20 Chikumi 2008 chibvumirano chino.

1. HUDZAMU NECHINANGWA CHIKURU

Musangano unocherechedza uye unozivisa kuti:

A. Tiri munguva iri kuramba ichiwedzera shanduko, kuzvipira nekuedza kwenhengo nesangano kuzadzisa zviri mubumbiro remitemo reILO, kusanganisira kuburikidza nezvinotarisirwa nepasi rose munyaya dzezvekushanda nekushandirwa, uye kuisa donzvo rekuva nemushando une pundutso nebasa rakatsiga pamwongo wezvinofanira kutevedzwa munyaya dzezvehupfumi nokugarisana, zvinofanira kuva nehwaro pazvinangwa zveILO zvine kukosha kwakafanana, izvo zvinoburitsa chirongwa chebasa rakatsiga, uye zvinokwaniswa kuisa nepapfupi sezvinotevera:

- (i) kukurudzira mabasa kuvanhu nokuumba nharaunda yakasimba munyaya dzezvehupfumi izvo zvinoita kuti:

- vanhu vakwanise kusimukira nekuwedzera kugona kana hunyanzvi hwavanoda kuti vakwanise kuva vanhu vane mabasa ane pundutso kuti vagokwanisa kuzadzisa zvido zvavo nekuva nehupenyu hwakanaka;
 - makambani ese, eruzhinji kana evanhu vakazvimirira, akwanise kuramba achifambira mberi kuita kuti akure uye kuti aunze mabasa nemikana yokuwana mari neimwewo mikana yakajeka kune vose; uye
 - vanhu vemunharaunda vakwanise kuzadzikisa zvinangwa zvavo munyaya dzebudiriro mune zvehupfumi, mararamiro akanaka nokusimukira muhupenyu hwavo;
- (ii) Kugadzira nokuwedzera nzira dzokuzvidzimirira mukurarama---kuchengetedzeka muhupenyu nepabasa- izvo zvinoramba zvichienderera mberi kana zvinogadziriswa kuti zvienderane nemamiriro akaita zvinhu munyika, kusanganisira:
- kuchengetedzeka nokugadzikana kwevanhu vese, kusanganisira nzira dzinotorwa kupa mari yakafanira kumunhu wese, uye kugadzirisa mashandiro kuitira kuzadzikisa zvitsva uye kusanyatsoziva ramangwana nokuda kweshanduko munyaya dzezvemichina, mumagariro, muhuvandu hwevanhu uye munyaya dzekushanduka kwezvehupfumi;
 - pokushandira pakanaka pasina njodzi uye pane hutano; uye
 - magwara anotevedzwa panyaya dzezvemari inotambirwa, nguva inoshandwa pabasa nemamwewo mamiriro anotariswa pabasa, zvakagadzirwa kuona kuti zvinobuda mukushanda zvagovewa zvakaenzana pakati pavanhu vese vanofanira kubatsirikana nazvo uye kuti vese vashandi vatambira mari inoita kuti vararame hupenyu huri nani;*
- (iii) Kukurudzira nhaurirano nekushanda pamwechete kwemapato matatu senzira dzakafanira pa:
- kudzika zvinangwa zvakakosha zvichienderana nezvinodiwa nemamiriro akaita nyika imwe neimwe;
 - kushandura nyaya dzezvebudiriro mune zvehupfumi kuti dzipindewo mune zvebudiriro mumagariro, uye budiriro mumagariro kuti ivewo budiriro mune zvehupfumi.
 - kubatsira munyaya dzokuwirirana kwemagwara akakodzera enyika nepasi rose ane chekuita nenyaya dzebasa nemafambisirwe ebasa rakatsiga nezvirongwa; uye
 - kuita kuti mitemo yebasa nevanoimirira izadzise zvainotarisirwa kuzadzisa, kusanganisira kutarisa hukama hwokushandirana, kukurudzira hukama mune zvekugadzira

* Cherechedzo yemupepeti: Mukunyora chinyorwa chino, kwanga kuchikosheswa (mumutauro mumwe nomumwe) wirirano iripo pakati pechitsauko 111(d), chechibvumirano chakaitwa kuPhiladelphia chikatambirwa nemusangano wepasi rose unoonza nezvevashandi nevashandirwi wegore ra1944.

zvinhu nokuumba nzira yokutarisa nyaya dzezvemabasa inoshanda; uye

- (iv) kuremekedza nokusimudzira zvakare kuona kuti zvinofanira kutevedzwa uye kodzero pabasa zvazadzikiswa, zvinova zvakakosha chose, sezvo kodzero nemikana yakafanira inoita kuti zvinangwa zvese zvizadzikiswe, tichiziva kuti:
- kusununguka kusangana nechero munhu wawada nekodzero yekutaurirana panyaya dzemari zvakakosha pakuzadzisa zvinangwa zvina zvakakosha; uye
 - kuti kukanganiswa kwezvinofanira kutevedzwa nekodzero pabasa hazvikwanisi kupiwa somuenzaniso kana kushandiswa senzira iri pamutemo yatingashandisa kutipa mukana wakakura kudarika imwe uye kuti zvinofanirwa kutevedzwa mumabasa hazvifaniri kushandiswa senzira yokuzvidzivirira munyaya dzemumabasa.

- B. Zvinangwa zvina zvakakosha izvi hazvipatsanuriki, zvine hukama hwakasimba uye zvinotsigirana. Kutadza kukurudzira chimwe chezvinangwa izvi kunokanganisa kubudirira kwezvimwe. Kuwana zvazazara kubva mazviri nokuedza kuzvikurudzira kunofanira kuva chimwe chenzira yokusanganisa zvese inotarisirwa kushandiswa neILO pakufambisa hurongwa hwebasa rakatsiga. Jechetera pakati pavarume navakadzi uye kusava nerusarura zvinofanira kutorwa sezvinhu zvinobata kwese munyaya dzezvinangwa zvakakosha zvataurwa nezvazvo pamusoro.
- C. Nhengo imwe neimwe inofanira kutsvaka nzira dzokuzadzikisa zvinangwa zvakakosha zvichienderana nezvinotaririrwa kuti iite nepasi rose, ichishandisa gwara rakatarwa uye nekutarisa kodzero pabasa, uye kutarisawo pakati pezvimwe;
- (i) mamirire akaita nyika, zvinodiwa uye zvinokosheswa zvakaburitswa nemasangano anomiririra vashandi nevashandirwi;
 - (ii) kubatsirana, kubatana nokushanda pamwechete kwenhengo dzese dzeILO izvo zvakakosha iye zvino kudarika nguva dzese dzapfuura, kana takatarisa nyaya yezvehupfumi hwepasi rose; uye
 - (iii) zvatarwa kuti ndizvo zvinofanirwa kutevedzwa nepasi rose takatarisa nyaya dzevashandi nevashandirwi.

II. NZIRA DZOKUPARURA

Musangano unoenderera mberi uchicherechedza kuti muhupfumi hwava kusanganisira pasi rose:

- A. Kuparura chikamu chokutanga chechibvumirano ichi kunoda kuti ILO ibatsire nhengo dzayo mukuedza kwadzo. Zvakadaro, sangano rinofanira kuongorora nokugadzirisa mafambisire arinoita basa kuti rienderane nezviripo kuitira kubatsira hutungamiriri nekudzidzisa vashandi basa kuitira kukwanisa

kushandisa zvakazara vashandi nemari. Izvi zvinotsigirwa nekubata kwavanoita pamwe vari masangano matatu anotevedza nzira dzinofanirwa kushandiswa, vaine pfungwa yoku:

- (i) nzwisisa zviru nani zvinodiwa nenhengo dzesangano, takanangana nezvinangwa zvakakosha, pamwechete nezvakaitwa neILO mumashure kuzadzisa zvinangwa izvi apo zvairamba zvichidzoka muhurongwa hwemusangano, kuitira:
 - kuona kuti ILO ingashanda sei nenguva kugadzirisa zvido izvi kuburikidza nokushandisa kwakarongeka kwezvese zvainoshandisa mukushanda;
 - kusarudza zvinhu zvokushandisa zvinodiwa kugadzirisa zvido izvi, uye kana zvakakodzera, kukwezva zvimwe zvokushandisa; uye
 - kutungamirira boka rohutungamiriri nehofisi yayo mumabasa azvinofanira kuita;
 - (ii) Kusimbaradza nokugadzirisa nzira dzokushanda pamwechete uye kutsvaka mazano kubva kunyanzvi kuitira:
 - kutsigira nokubatsira simba renhengo imwe neimwe mukufambira mberi nekushanda nemasangano matatu tichitarisa mafambisirwe ezvinangwa zveumusangano zvakakosha, kuburikidza nezvirongwa zvenyika zvinokurudzira basa rakatsiga kana zvakakodzera uye kana zviru mugwara reUnited Nations, uye;
 - kubatsira, pese pakakodzera, kuwedzera kugona kwemasangano enhengo, pamwechete namasangano anomiririra vashandi navashandirwi, kubatsira kufamba zvakanaka kwegwara rekugarisana nekuenderera mberi kwebudiriro ine pundutso;
 - (iii) Kukurudzira kupanana mazano nokubatsirana pakati pezvinangwa zvakakosha kuburikidza nokuita ongoro nehurukuro yezvinhu zvakanatsoitika mumasangano matatu, uye kuzvipira pasina kumanikidzwa kwenyika dzine chokuita nenyaya idzi kupinda muchirongwa, uye nepfungwa yokubatsira kusarudza zvokuita kwenhengo takatarisana nemikana nezvigozhero zvinouyiswa nenyaya dzokudyidzana kwepasi rose;
 - (iv) Kana paunzwa chikumbiro, kupa rubatsiro kunhengo dzinoshuvira kutsigira zvinangwa zvakakosha dzakabatana uye dziri mugwara rezvibvumirano zvakaitwa pakati penhengo mbiri kana dzakawanda, zvichienderana nezvisungo zveILO.
 - (v) Kuumba kudyidzana kutsva nemamwewo mapazi akazvimiririra ega ane chekuita munyaya dzezvehupfumi, akaita semakambani anowanikwa munyika zhinji nemasangano evashandi ayo anoshanda pachidanho chepasi rose kuitira kusimudzira kukosha nokubatsira kwezvirongwa zveILO, kukumbira rutsigiro rwayo nenzira ipi zvayo yakafanira, zvakare nedzimwe nguva ichisimudzira zvinangwa zvakakosha zveILO. Izvi zvichaitwa mukutaurirana nemasangano anowanikwa munyika kana pasi rose anomiririra vashandi nevashandirwi.
- B. Panguva imwe chete, nhengo dzine basa rakakosha pakubatsira kuzadzikiswa kwezvinangwa zvakakosha zvepasi rose dzichishandisa gwara radzo rinoona

nezvehupfumi namagariro avanhu, izvo zvinosanganisira hurongwa hwebasa rakatsiga huri muchikamu chokutanga chechibvumirano chino. Kuparura hurongwa hwebasa rakatsiga pachidanho chenyika kunobva nokuti zvinodiwa nekukosheswa nenyika ndezvipi uye zviru kunhengo yoga yoga, dzichibatsirana nemasangano anomiririra vashandi nevashandirwi, kuona kuti basa ringafambiswa sei. Zvakadaro, vanokwanisa kutarisa zvinotevera zviru pasi pakati pemamwe matanho:

- (i) kutora nzira dzokufambisa basa rakatsiga dzinoshandiswa munyika kana mudunhu, kana dzinoshandiswa kwese dzose, vachitarisa zvakakosha zvinoda kuzadzikiswa mukubatana kutsvaka kubudirira muvinangwa zvikuru zvakakosha;
- (ii) kuva nezviratidzi zvakakodzera kana kuchengetedza huwandu, vachibatsirana neILO kana zvakakodzera, kuongorora nokupima mafambire ebasa rinenge raitwa;
- (iii) kuongorora mamirire ezvinhu kwavari maererano nekukurudzira kana kuparura zvombo zveILO nepfungwa yokubudirira pakuenderera mberi nokuzadzisa chinangwa chimwe nechimwe chakakosha, kuruziro yakakosha ichipiwa kunzira dzinotorwa seidzo dzinokosheswa munyaya dzamabasa pamwechete neizvo zvinotorwa sezvakakosha kana takanangana nehutungamiriri hwemasangano matatu, gwara rekushandirwa neongororo panyaya dzokushanda nokushandirwa;
- (iv) kutora matanho akakodzera pakubatanidza pfungwa kana maonero anopiwa mumisangano yakakodzera yepasi rose vakamiririra nyika dziri nhengo chero dzisipo uye mamwe matanho adzingatora pasi pechibvumirano chino;
- (v) kukurudzirana makambani anofambira mberi nguva dzose akazvimiririra;
- (vi) panenge pakakodzera, kugovana mashandiro akanaka anowanikwa munyika kana mudunhu anowanikwa kubva mukubudirira kwezvinenge zvatangwa munyika kana mudunhu zvichienderana nebasa rakatsiga; uye
- (vii) kupa nyika dzinenge dziri muchibvumirano dziri mbiri, dziri dunhu kana dzakawanda, kana hupfumi hwadzo huchitendera, rutsigiro rwakakodzera kune dzimwe nhengo mukuedza kwadzo kuzadzisa zvinangwa zvakakosha zviru kutaurwa nezvazvo muchibvumirano chino.

C. Mamwe masangano epasi rose kana ematunhu ane basa rinoenderana neiri, anokwanisa kubatsira pakuparura nzira dzinosanganisira vose. ILO inofanira kuvakoka kuti vatsigire basa rakatsiga, ichiziva kuti sangano rimwe nerimwe rinenge rine simba rokutungamirira basa raro. Sezvo nzira dzokukutenga nekutengeserana nekufambiswa kunoitwa mari kune chekuita munyaya dzemabasa, ibasa reILO kupima nokuongorora mabasa ane chekuita nekuzadzisa chinangwa chayo chokuisa nyaya dzebasa pamoyo wenyaya dzokufambiswa kwehupfumi.

III ZVAKAWIRIRANWA POKUPEDZISIRA

- A) Mukuru-mukuru wehofisi inoona nezvevashandi nevashandirwi pasi rose achaona kuti chokwadi chibvumirano chino chasvitswa kunhengo dzese, uye kuburikidza nadzo, kuonawo kuti chasvitswa kumasangano anomiririra vashandi navashandirwi, kumasangano epasi rose ane hunyanzvi mumabasa anodyidzana neaya pachidanho chedunhu nepasi rose, uye kune mamwe mapazi anokwanisa kunge aonekwa neboka rinotungamirira kuti akafanira kuchiwana. Hurumende, pamwechete nemasangano evashandi nevashandirwi anowanikwa pachidanho chenyika, anofanira kuita kuti chibvumirano chizikanwe pese zvapo paanokwanisa kupinda kana kumiririrwa, kana kuti kuparidzira kune mamwe mapazi kana masangano angava nechekuita nechibvumirano ichi.
- B) Boka rinotungamirirwa nemukuru-mukuru wehofisi inoona nezvevashandi nevashandirwi richava nebasa rokuona nzira dzakakodzera kushandiswa kuona kuti chikamu chepiri chechibvumirano ichi chaparurwa sei.
- C) Panguva apo boka rinotungamirira rinogona kuona zvakakodzera, uye zvichienderana nezvichadzikwa, nekukosha kwechibvumirano chino, kunyanyanya matanho anotorwa kukurudzira kuparurwa kwacho, zvichaongororwa nemusangano unoona nezvevashandi nevashandirwi pasi rose netarisiro yokutsvaka kuti ndeapi matanho anokodzera kutorwa.

NHAMATIDZWA

ZVICHAITWA MUSHURE MECHIBVUMIRANO

1. CHINANGWA CHIKURU CHINOBATANIDZA ZVESE UYE HUDZAMU HWACHO

- A. Chinangwa chenhevedzwa iyi kubata nzira dzichashandiswa nesangano kubatsira kuedza kwenhengo dzaro kuzadzisa kuzvipira kwadzo kutevedza zvinangwa zvina zvakakosha pakuparura mabasa ari mubumbiro resangano.
- B. Nhevedzwa iyi inoedza kushandisa nepainogona napo zvakazara nzira dzakapiwa pasi pebumbiro remitemo reILO kuitira kuzadzisa basa rayo. Nzira dzimwe dzokubatsira nhengo dzinokwanisa kureva kuti panofanirwa kutorwa nokupinzwa zvagara zvichiitwa izvo zvakatarwa pasi muchitsauko chegumi nepfumbamwe (19), mundima yeshanu (5e) neyetanhatu (6), mubumbiro remitemo reILO, pasina kuwedzera basa rokuzivisa mafambiro ebasa radzo kune dzimwe nhengo.

II. BASA RESANGANO KUBATSIRA NHENGO DZARO

Kutungamirira, zvinoshandiswa, nehukama huripo nevasiri musangano

- A. Mukuru-mukuru achatora nzira dzose dzakafanira, kusanganisira kugadzirira boka rinotungamirira zvirongwa zvakakodzera, kuona mabatsirire achaita sangano nhengo dzaro mukushanda kwadzo kuzadzisa

zviri muchibvumirano chino. Nzira dzakadaro dzichasanganisira kuongorora nokugadzirisa basa reILO nehutungamiriri sezvakatarwa muchibvumirano uye kufanira kuziva kukosha kwe:

- i) kuwirirana, kuronga nokushanda pamwechete muhofisi inoona nezvevashandi nevashandirwi pasi rose mumabatire aro akarongeka;
- ii) kuvaka nokuchengetedza gwara nokugona kushanda kwaro;
- iii) kurongeka nokukwanisa kushandisa zviwanikwa zvakazara, uye nzira dzokutungamirira, nemamiriro akaita mapazi;
- iv) hunyanzvi hwakakwana uye ruzivo rwevanhu varipo, nemapazi emutungamiriri akakosha;
- v) kukurudzira kushanda pamwechete kunobatsira pakati peUnited Nations nekukurudzira kuita zviivumirano makawanda kuitira kusimbaradza zvirongwa nemabasa eILO kana kuti kutsigira zvinangwa zveILO; uye
- vi) kutsvaka nokusarudza, kuvandudza nekukurudzira zvakatarwa pasi izvo zvinofanirwa kutevedzwa zvinenge zvichikosheswa munyaya dzohutungamiriri[†].

Kunzwisisa nokubatsira zvakatatarisana nenhengo uye zvadzinoda

B. Sangano richatanga chironzwa chehurukuro dzichiitwa nemusangano wezvevashandi vepasi rose zvichibva pane zvagara zvichiitwa zvakatenderwa neboka rinotungamirira, pasina kudzorora nzira dzinoshandiswa neILO pakutungamirira, kuitira kuti:

- i) kunzwisisa zviri nani mamiriro ezvinhu nekusiyana-siyana kunoita zvinhu zvinodiwa nenhengo dzaro takatarisa kuchimwe nechimwe chezvinangwa zvakakosha, kuita zvazvinokurudzira namazvo, kuchishandiswa nzira dzose dziri mumaoko aro, kusanganisira maitiro anotarisirwa kune wese, kubatsirana mumabasa, kukwanisa kwehofisi kuita basa netsvakurudzo uye kugadzirisa zvikosheswa nehurongwa hwebasa zvakafanira; uye
- ii) kuongorora zvinobuda mumabasa eILO nepfungwa yokujekesa zvirongwa, hurongwa hwokushandisa mari nezvimwewo zvirongwa nehutungamiriri.

Kubatsira munyaya dzemabasa uye mabasa okupanga mazano

C. Sangano richapa, kana richinge rakumbirwa nehurumende nevamiriri vemasangano evashandi nevashandirwi, rubatsiro rwe rwakakodzera kana rwarinokwanisa pakutsigira kuedza kwenhengo kufambira mberi

[†] Musangano une chekuita nekuongororwa kwavashandi wegore ra1947 (No. 18), Musangano unoona nezvegwara rinotevedzwa navashandi navashandirwi wegore ra1964 (No. 122), Musangano une chekuita nevashandi vari mumabasa ezvekurima wegore ra1969 (No. 129), nemusangano unoona nezvehurukuro dzezvinotarisirwa pavashandi navashandirwi venyika dzose, wegore ra1976 (No. 144), nedzimwe nzira dzakaonekwa munezvinyorwa zvakavandudzwa zvakatevera.

mukuzadzisa zvinangwa zvakakosha kuburikidza nemubatanidzwa wehurongwa hwenyika kana dunhu, kusanganisira noku:

- i) simbaradza nokunyatsonanga kushanda pamwechete pabasa zviru mugwara rezvirongwa zvenyika zvekukurudzira basa rakatsiga uyewo nzira dzeUnited Nations;
- ii) kupa rubatsiro hune hunyanzvi rwakangodaro nerubatsiro irwo rwunogona kukumbirwa neimwe neimwe nhengo nechinangwa chokushandisa donzvo renyika nokutsvaka kudyidzana kune pundutso kuitira pakuparura;
- iii) kugadzira zvombo zvakakodzera zvokuera budiriro yaitwa uye kuongorora kuti magwara nedzimwewo nzira zvingabatsira kana kukanganisa zvakadii kuedza kwenhengo; uye
- iv) kubata zvakakosha zvinodiwa uye kukwanisa kwenyika dzichiri kubudirira nemasangano anomiririra vashandi nevashandirwi kusimudzira zvinangwa, kusanganisira kutsvaka kuunganidza zvinodiwa kushandiswa.

Tsvakurudzo, kuunganidza nokugovana mazano

D. Sangano richatora matanho akakodzera kusimbaradza tsvakurudzo, ruzivo rwunobva muvanhu nokunzwisisa kuti zvinangwa zvakakosha zvinofambidzana sei uye zvinobatsira sei munyaya dzebudiriro muhupenyu, mumabasa ane pundutso, mubudiriro inoenderera mberi uye mukupedza hurombo tiri muhupfumi hwepasi rose. Matanho aya anokwanisa kusanganisira kugovana zvakasanganikwa nazvo namasangano matatu, nemashandiro akanaka pazvidanho zvinoti chepasi rose, chedunhu uye chenyika tiri mugwara re:

- i) tsvakurudzo dzakaitwa chiriporipocho pasina kunyatsoronga nekungozvidira kushanda pamwe kwehurumende nemasangano anomiririra vashandi nevashandirwi ari munyika dzaiwa nechekuita nenyaya idzi; kana kuti
- ii) chero zvirongwa zvakafanana zvakaita sokuongororwa nedzimwe nyika izvo nhengo dzinoda dzinokwanisa kuparura kana kupinda mazviri nokungozvidira pasina kumanikidzwa.

KUPIMWA KWAKAITWA NEMUSANGANO

A. Zvakakonzerwa nechibvumirano, kunyanyanyanya kubatsira kwachakaita kusimudzira zvinangwa nebasa remusangano mukati menhengo, zvichiburikidza nokubatana pakuedza kuzadzikisa zvinangwa zvinokosha izvo zvichapimwa nemusangano, zvichava chezvimwe zvichaongororwa nokupimwa nemusangano uye zvinogona kudzokororwa nguva nenguva, kana zvine chekuita nechimwe chezvirongwa zvinenge zviru pahurongwa hwemusangano.

- B. Hofisi ichagadzira chinyorwa chokushandisa kumusangano chichipima zvakaitwa nechibvumirano, icho chichibata nyaya dze:
- i) maitire kana matanho akatorwa nokuda kwechibvumirano chiripo, anokwanisa kunge achiyiwa nezvikamu zvitatu zvekusangano, kuburikidza nebasa reILO, mumatunhu kana nemamwewo masangano anovimbika;
 - ii) matanho akatorwa nehofisi neboka rinotungamirira kutevedza hutungamiriri hunokodzera, nyaya dzebaso neruzivo zvine chekuita pakuzadzisa zvinangwa zvakanosha, kusanganisira zvirongwa namabasa eILO nezvaanoburitsa; uye
 - iii) zvinokwanisa kukonzerwa nechibvumirano takatarisa kune mamwe masangano epasi rose anozvifarira.
- C. Masangano anoshanda achibata zvakanosiyana zvakanawanda-wanda achapiwa mukana wokupinda muchirongwa chokupima zvakanabuda mubasa iri uye muhurukuro. Mamwewo mapoka anokwanisawo kupinda nokupawo pfungwa dzawo muhurukuro kana akokwa neboka rinotungamirira.
- D. Zvichitevera ongoro inenge yaitwa, kusangano uchapawo maonero awo, takanangana nekuti zvakanakodzera here kuita dzimwe ongoro kana kuitawo mamwe maitire akakodzera.

Zviri mumashure chibvumirano cheILO chekuunza kudyidzana kwavanhu pasi rose zvine ruenzaniso chakatambirwa zvakanaka nemusangano waitarisa zvakanosiyana-siyana zveILO, wechimakumi mapfumbamwe nenomwe (97) uyo wakaitirwa kuGeneva ukapera nomusi wa13 Chikumi 2008.

NECHIVIMBO, tanamatidza masiginicha edu zuva ranhasi uno musi wa13 Chikumi 2008:

Mutungamiriri wemusangano,

EDWIN SALAMIN JAEN

Mukuru-mukuru wehofisi inoona nezvevashandi pasi rose

JUAN SOMAVIA